BMAF-001

# Bachelor's Degree Programme (BDP)

## Foundation Course in Maithili (BMAF-001)

**Assignment**
(For July-2022 and January-2023 sessions)

**Last Date for Submission:**
For July-2022 session: 31st March, 2023
For January-2023 session: 30th September, 2023

**School of Humanities**
**Indira Gandhi National Open University**
**Maidan Garhi, New Delhi-110068**

**Foundation Course in Maithili**

Programme Code: BDP
Course Code: BMAF-001
Max. Marks : 100

सभ प्रश्नक उत्तर दियऽ।

1. रिक्त स्थानक पूर्ति करू– 5

(क) मैथिलीक अपन लिपिक नाम .................... थिक।

(ख) अंक आ दृश्यक विधान ............... मे कयल जाइछ।

(ग) कोनो पैघ गद्यांश, अवतरण वा विवरणकें सार रूपमे प्रस्तुत करब ............... कहबैत अछि।

(घ) लिखित भाषासँ ................ भाषा प्राचीन अछि।

(ङ) ओ यंत्र, जे आकाशमे गतिशील वस्तुक दूरी आ प्रकृतिक संकेत वायुतरंगक आधारपर दैत अछि, .................... कहबैत अछि।

2. एहि लोकोक्ति आ मोहाबिरा सभक वाक्यमे प्रयोग करू – 5

(क) बाँटल भाइ पड़ोसिया दाखिल

(ख) अपटी खेतमे प्राण जायब

(ग) कान ठाढ़ होयब

(घ) हँसी होयब

(ङ) दूरक ढोल सोहाओन

3. निम्नलिखित वाक्यमे सही (✓) आ गलत (✗) लिखि स्पष्ट करू जे कोन वाक्य सही आ कोन वाक्य गलत अछि– 5

(क) तत्पुरुष समासमे समस्त पदमे उत्तर पद प्रधान रहैछ।

(ख) ईदक अवसरपर दाहा निकालल जाइत अछि।

(ग) ग्रामसेविकाक पदार्पणसँ गामक स्त्रीगण स्वास्थ्य एवं शिक्षाक प्रति सचेष्ट भेलीह।

(घ) जहि भाषामे अनुवाद होइछ ओकरा लक्ष्य भाषा कहल जाइछ।

(ङ) शास्त्रीय संगीतक हिन्दुस्तानी शैली दक्षिण भारत तथा कर्णाटक शैली उत्तर भारतमे विकसित भेल।

4. एहि ठाम पाँच टा शब्दसमूह देल गेल अछि। प्रत्येक समूहमे एक शब्द एहन अछि जे अपन शब्दसमूहसँ मेल नहि खाइत अछि। ओ कोन शब्द थिक ? 5

(क) नेनासभ, बालकवृन्द, स्त्रीवर्ग, शिशुसमूह।

(ख) मिथिला, तिरहुत, विदेहजनपद, अवध।

(ग) टिप्पण, सन्धि, समास, अव्यय।

(घ) विद्यापति, कीर्तिलता, मनबोध, मणिपद्म।

(ङ) दिनकर, दिवाकर, सुधाकर, भास्कर।

5. शुद्ध रूप कोन थिक ? – 5

(क) श्रीमान् वा श्रीमान

(ख) श्रीयुत् वा श्रीयुत

(ग) ब्राह्मण वा ब्राम्हण

(घ) अनाधिकार वा अनधिकार

(ङ) श्रृंगार वा शृंगार।

6. निम्नलिखित विषयपर संक्षिप्त टिप्पणी लिखू – 5X2= 10

(क) प्राकृतिक गैस

(ख) समाचारक स्रोत।

7. निम्नांकित कोनो एकपर तीन सय शब्दमे निबन्ध लिखू। 10

(क) शब्दभण्डार

(ख) मूर्तिकला

(ग) भाषणकला।

8. निम्नलिखित प्रश्नक उत्तर दू–दू सय शब्दमे लिखू। 10x2= 20

(क) 'इज्जति कोन पदार्थ' कविताक भाव स्पष्ट करू।

(ख) 'पीयर आँकुर'क आशय लिखू।

9. निम्नांकित प्रश्नक उत्तर पचास–पचास शब्दमे लिखू– 10

(क) वर्तनी

(ख) छवि

(ग) अर्धसरकारी पत्र

(घ) सम्पादकीय लेखन।

10. एहि पद्यांशक सप्रसंग व्याख्या करू– 10

लेल अयोध्या हरि अवतार।
चारि अंश युत राम उदार।।
लक्ष्मी अयलिह मिथिला भूमि।
ऋद्धि–सिद्धि संग लयलिह जूमि।।

अथवा

गणक गुनथि ग्रह वर्ष–प्रवेशक शुभसूचक अवदात,
किन्तु गनी हम पलक जीवनक बीतल अछि कत तात।
संचित आयुकोषसँ होइछ श्वास–श्वास व्यय हन्त,
वर्ष–प्रवेशक हर्ष–अमृतमे घोरल विषमय अन्त।।

11. निम्नलिखित अवतरणक सन्दर्भ सहित व्याख्या करू – 10

मिथिलाक माटि–पानिमे युग–युगसँ साहित्य, कला आ दर्शनक बीज संचित छैक।

जहिया जहियो विकासक सुविधा भेटलैक, ओ बीज वृक्ष बनि अयाची, मंडन, वाचस्पति, उदयनाचार्य आ विद्यापतिक रूपमे पत्र–पुष्पसँ युक्त भेल। दर्शन, कला ओ साहित्यक फल तकरे परिणाम थिक।

अथवा

अपन हरे इन्द्रासनक सुख भोगि रहल अछि ओतऽ। हम जे पहिले–पहिल ओकर बासामे पैसलहुँ तँ चकविदोर लागि गेल। दूध–सन उज्जर धप–धप डेढ़हत्थी एतेकटा बत्ती जरैत, ठीक ओहने जेहन कि दरभंगा टीसनमे लगा देलकैक अछि आ नीचाँ घरमे कुरसी सब रहैक से की कहियहु। गद्दी सब ओकर तेहन कोमल जेना नेनुपर बैसि रहल होइ।

12. मिथिलाक्षरमे लिखू – 5

मधुपजीक जन्म कोजागरा दिन दू अक्टूबर उनैस सय छौकैं भेल छलनि। हिनक पैतृक मधुबनी जिलाक कोइलख छलनि, मुदा बसि गेलाह दरभंगा जिलाक कोर्थुमे। 20 दिसम्बर 1987 कँ हिनक निधन भऽ गेलनि।